

**Sistèm Entèvansyon Prekòs NJ a**  
**Depatman Sante ak Sèvis pou moun ki aje NJ a**

<b>Sijè</b>	<b>Pwosesis</b>
Entèvansyon Prekòs	Objektif Sistèm Entèvansyon Prekòs NJ(NJEIS) a se pou li bay tout fanmi bon jan sipò prekòs ak sèvis pou ogmante kapasite yo pou yo ka reponn ak bezwen sante pitit yo, ki gen reta developman ou andikape, depi lè timoun lan fèt jiska'l gen 3 zan.
Referans	Gen yon sèl pwen antre pou entèvansyon prekòs nan chak rejjyon nan NJ. Yo mande pou sous referans prensipal yo refere yon timoun ke yo idantifye 2 jou aprè idantifikasyon an fèt. Sous sa yo gen ladan lopital, doktè, paran, pwogram swen pou pou timoun, ajans edikasyonèl lokal, fasilité sante piblik, lòt ajans sèvis sosyal, ak founisè swen sante.
Kowòdinasyon Sèvis	Sèvis kowòdinasyon asiste epi pèmèt timoun ak fanmi ki kalifye pou yo resevwa dwa, pwosedi pwoteksyon, ak sèvis nan NJEIS. Kowòdinatè sèvis se youn pwen kontak ke fanmi yo ka itilize pou jwenn asistans ak sèvis ke yo menm ak pitit yo bezwen nan kominote a.
Evalyasyon	Yon evalyasyon pou yon entèvansyon prekòs ap rasanble enfòmasyon sou fason yon timoun ap devlope. Yo itilize'l pou detèmine kalifikasyon pou sèvis entèvansyon prekòs. Evalyasyon sa ede detèmine ki tip ak nivo sèvis ke timoun nan ak fanmi li bezwen.
Kalifikasyon	Yon timoun ant nesans a 3 zan kalifye pou sèvis si'l gen omwen 33% reta nan youn oubyen 25% reta nan 2 ou plis domèn devlopman.
Plan Endividiyèl pou Sèvis Fanmi	Aprè evalyasyon an, yo devlope yon Plan Endividiyèl pou Sèvis Fanmi ki dekri sèvis ke timoun lan ak fanmi an bezwen e ki fason pou yo enplemantan plan an.
Reyinyon IFSP	IFSP a devlope nan yon reyinyon avèk paran yo, sèvis kowòdinatè a, ak omwen yon manm nan gwoup evalyasyon an. IFSP a baze sou enfòmasyon ke fanmi timoun nan bay ak enfòmasyon yo rasanble pandan evalyasyon an. Reyinyon an fèt nan yon kote ak yon lè ki konvenab pou fanmi an ak nan lang ak metòd de komunikasyon ke fanmi an itilize lakay.
Sèvis Entèvansyon Prekòs	Yo fè sèvis Entèvansyon Prekòs la pou adrese pwoblèm oubyen reta devlopman pi bonè posib. Gen yon ekip pwofesyonèl ki kalifye ki bay sèvis sa nan yon anviwònman kote nòmalman timoun ki pa andikape ka patisipe, epi yon kote ki konfòtab e ki konvenab pou fanmi a.
Revizyon IFSP a	Yo revize IFSP a chak 6 mwa, ou pi souvan si sa apwopriye, pou asire ke plan kontinye reponn bezwen timoun lan ak fanmi'l. Pandan reyinyon IFSP yo, ekip IFSP a, ki gen ladan manm fanmi a, revize rezulta aktyèl ak sèvis entèvansyon aktyèl ki bezwen mete ajou lè sa nesesè. Yon ekri yon nouvo IFSP omwen yon fwa pa ane.

This fact sheet was developed by the Statewide Parent Advocacy Network and the Map to Inclusive Child Care Team.

For more information, please go to [www.state.nj.us/health/fhs/eiphome.htm](http://www.state.nj.us/health/fhs/eiphome.htm) or call 800-322-8174. You can also receive assistance from the Statewide Parent Advocacy Network, 800-645-SPAn (7726) or [www.spannj.org](http://www.spannj.org).

Tranzisyon	Objektif tout tranzisyon se pou ede timoun ak fanmi yo sòti nan yon faz pou al nan yon lòt nan fason posib ki pi itil la. Tranzisyon yo ka fèt nenpòt peryod ke yon timoun ak fanmi li ap resevwa sèvis entèvansyon prekòs. Lè yon timoun gen 2 zan. Reyinyon enfòmasyon sou tranzisyon ap fèt ak paran yo, sèvis kowòdinatè a, ak lòt moun ki te travay ak timoun lan pou kòmanse planifye sèvis ak sipò kapab bezwen lè timoun lan gen 3 zan e li tèmine entèvansyon prekòs la. Pwosesis pou tranzisyon an gen plizyè etap ladan, sòti nan entèvansyon prekòs la pou rive nan anviwònman pou timoun piti ak sèvis sipò ke timoun lan ak fanmi a ka bezwen lè'l gen 3 zan.
Pri Sèvis la	Gen sèvis espesifik ke lalwa federal mande pou yo bay timou ak fanmi ki kalifye gratis. Sèvis sa yo gen ladan Jwenn timoun ki gen andikap devlopman ak rekòmandasyon, Evalyasyon, Sèvis Kowòdinasyon, Developman IFSP ak Revizyon, ak Pwosesis Pwoteksyon(Dwa Fanmi). Apa de sa yo, yon fanmi gendwa responsab pou peye mwatye obyen tout kòb sèvis yo koute, depandan de resous ki genyen disponib lan ak kapasite fanmi yo genyen pou yo peye kòb sa. Yo itilize kòb fanmi an fè a ak kantite moun ki nan fanmi an pou yo determine konbyen kòb yo gen pou yo peye pou sèvis yo.

This fact sheet was developed by the Statewide Parent Advocacy Network and the Map to Inclusive Child Care Team.  
**For more information, please go to [www.state.nj.us/health/fhs/eiphome.htm](http://www.state.nj.us/health/fhs/eiphome.htm) or call 800-322-8174. You can also receive assistance from the Statewide Parent Advocacy Network, 800-645-SPAn (7726) or [www.spannj.org](http://www.spannj.org).**